

ENSTRIKSYON ODYANS PA TELEFÒN

Silvoulè revize bwochi sou "Kòman fè yon Rezolisyon Inisyal epi Patisipe nan yon Odyans" ki te premye voye pa lapòs pou ou an. Kopi bwochi sa avèk Kesyon Ki Souvan Poze yo (FAQs) disponib sou sitwèb DES la nan www.des.nc.gov.

ENPÒTAN: Asire ou prè pou odyans lan. Konsèy Administratif Revizyon an te dezinye yon Rèsponsab Odyans pou dirije odyans lan. Rèsponsab Odyans lan pou Konsèy Administratif Revizyon an pral rele w pou kòmanse odyans lan. Si ou anreta pou yon odyans pa telefòn, li kapab difisil pou w jwenn odyans lan aprè odyans lan kòmanse. Si Rèsponsab Odyans lan nan enposibilite pou jwenn nenpòt nan pati yo pa telefòn pandan 15 minit de lè odyans lan te kòmanse a, odyans lan kapab dirije avèk pati sa yo k ap asiste a, oswa apèl la kapab rejte si pati ki te fè apèl la pa ka rive prezante. Si pati ki te fè apèl la genyen 15 minit reta oswa plis pou yon odyans an pèsòn, rèsponsab odyans lan kapab rejte apèl la epi pèmèt lòt patisipan yo ale. Note: Si ou pral itilize yon telefòn mobil pou odyans ou an, se rèsponsablite w pou asire ou nan yon zòn ki gen yon resepsyon siyal ki klè. Si w ap itilize yon liy fiks, ou rèsponsab pou asire telefòn ou an fonksyone epi liy lan p ap itilize. Si w pa rive patisipe nan odyans lan akòz de pwoblèm avèk telefòn ou an, sa ka fè prè ou yo pa pran an konsiderasyon, oswa apèl ou an ranvwaye.

Si nimewo telefòn ou an pa endike sou Konvokasyon Odyans lan, oswa si nimewo telefòn ki afiche a pa bon, enfòmè Rèsponsab Odyans lan pandan w ap antre enfòmasyon ki kòrèk la sou Kesyonè Odyans pa Telefòn ki enkli a epi retounen l rapidman. Si telefòn ou an pa an sèvis, ou kapab fè rapò a bay Depatman Komès Kawolin Dinò a, biwo sèvis travay Divizyon Solisyon Travay la (DWS) pou odyans lan. Enfòmè Rèsponsab Odyans lan alavans ou vle yo rele w nan biwo lokal DWS la pou odyans lan. Ou ta dwe fè rapò nan biwo sèvis travay la omwen ken (15) minit anvan lè ki pwograme pou odyans lan. Enfòmè yon anplwaye nan biwo lokal la w ap fè yon rapò pou yon odyans pa telefòn. If your telephone number is not shown on the Summons to Hearing.

KÒMAN BAY PRÈV: Temwanyaj ki asèman yo rekòmande. Si ou vle temwen yo temwanye, yo dwe fè sa nan odyans lan. Si ou gen dokiman, anrejistreman elektwonik oswa lòt prè ou vle yon konsidere pa konsèy administratif revizyon an, ou dwe voye yo pa lapòs oswa remèt yo bay Rèsponsab Odyans lan avèk chak pati yo. Yo dwe resevwa prè yo anvan odyans lan. Si ou gen dokiman pou prezante kòm prè, voye yo pa lapòs bay Rèsponsab Odyans lan pou l resevwa yo nan omwen senk (5) jou anvan odyans lan. Ou dwe voye kopi dokiman yo tou pa lapòs bay lòt pati a epi bay avoka a pou Divizyon Sekirite Travay la anvan odyans lan.

REPREZANTASYON LEGAL: Demandè oswa anplwayè kapab fè depozisyon pwòp apèl yo (pro se) pandan tout pwosesis administratif apèl la, oswa kapab fè yon reprezantan legal fè depozisyon yon apèl epi reprezante yo. Ou dwe jwenn reprezantan legal yo anvan tout odyans administratif oswa yon revizyon. Yon reprezantan legal (enkli endividè tyès pati k ap sèvi antanke administratè asirans chomaj anplwayè a) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun k ap sipèvizè nan akò avèk Lwa Jeneral Stat. ch. 84 avèk §96-17(b). Avi avèk/oswa sètifikasyon de sipèvizasyon yon avoka dwe ekri.

RANVWA: Sèlman Rèsponsab Odyans lan ki resevwa tach pou tande ka a kapab bay pèmision pou kontinite. Akòz de enkonvenyan avèk depans anplis ki enkli, yon kontinite pral pèmi sèlman nan sikonstans limite yo. Pou fè demann yon kontinite, rele Rèsponsab Odyans lan epi voye yon demann ekri anvan dat odyans lan.

SITASYON: Rèsponsab Odyans lan kapab emèt sitasyon pou temwen yo avèk dokiman ki pètinan nan odyans lan. Fè demann lan bay Rèsponsab Odyans lan osito posib, pou sitasyon an kapab sèvi epi yo kapab resevwa prè yo anvan odyans lan. Reprezantan legal yo kapab emèt sitasyon avèk pwòp depans yo epi an sekre.

KESYONÈ ODYANS PA TELEFÒN

Rèspansab Odyans: **Joh Q Lawyer**

Dat Odyans: 99 **Janvye 9999**

Nimewo Dosye: **TAX-3915**

Silvouplè retounen fomilè sa avèk non epi nimewo telefòn patisipan yo pou enpo odyans ki gen pou fèt la.

NÒT: Si ou pral itilize yon telefòn mobil pou odyans ou an, se rèsponsablite w pou asire ou nan yon zòn ki gen resepsyon siyal ki klè, epi telefòn ou an gen ase chaj pou rete sou liy lan pandan inè oswa plis. Si w ap itilize yon liy fiks, ou rèsponsab pou asire telefòn ou an fonksyone epi liy lan p ap itilize. Si w pa rive patisipe nan odyans lan akòz de pwoblèm avèk telefòn ou an, sa ka fè prèv ou yo pa konsidere, oswa rejte de apèl ou an.

Li enpòtan pou w founi Rèspansab Odyans lan avèk non epi nimewo telefòn temwen ou yo. Ou ta dwe di temwen ou yo tou pou yo prepare pou apèl telefonik nan moman ki dezinye a. It is important that you provide the Hearing Officer with the names and telephone numbers of your witnesses. You should also tell your witnesses to be prepared for the telephone call at the designated time.

Silvouplè fè yon lis de tout moun ou vle Rèspansab Odyans lan rele pou odyans ou an. Si ou se yon demandè oswa yon anplwayè k ap ranpli fomilè sa a epi ou vle patisipe nan odyans lan, silvouplè mete tèt ou avèk nimewo telefòn ou an tou.

PATISIPAN ODYANS YO	
POU	
<input type="checkbox"/> DEMANDE <input type="checkbox"/> oswa ANPLWAYÈ <input type="checkbox"/> oswa DIVIZYON SEKIRITE TRAVAY	
NON	KÒD ZÒN NAN + NIMEWO TELEFÒN

SILVOUPLÈ UTILIZE KÈK FÈY ANPLISSINESE

ENPÒTAN: Si ou pa gen yon telefòn sèvis, silvouplè fè rapò a nan biwo sèvis travay ki pre w la. Silvouplè rive (15) minit anvan odyans lan. Di resesyonis lan ou la pou yon Odyans Fiskal pa telefòn avèk Divizyon Sekirite travay la avèk Konsèy Administratif Revizyon an.

Divizyon Solisyon Travay
Adrès Biwo Sèvis Travay la (Vil, E t a)

Kòd Zòn nan + Nimewo Telefòn

ENFÒMASYON KI REKÒMANDE KONSÈNAN YON MOUN K AP SOUMÈT FÒMILÈ SA

Non _____

Tit _____

Siyati _____ Dat _____

SILVOUPLÈ RETOUNEN KESYONÈ SA OSITO POSIB.

Voye pa lapòs bay: Ofisye Odyans lan, Konsèy Revizyon, Biwo Postal Box 28263,
Raleigh, NC 27611

Ou kapab faksè l tou nan (919) 733-8745.

Pou plis enfòmasyon ou kapab rele Rèspansab Odyans lan nan (919) 707-1025

Famille: NCHLA373T